

# AVÈK PLON, PLIS PASE LONBRAJ OU AP SWIV OU LAKAY OU



## Èske Ou Pran Plon Lakay Ou?

Patikil oswa pousyè plon kapab antre lakay ou epi antre nan rad ou ak ekipman ou. Li kapab danjere pou nenpòt moun ki ekspozé ladan. Si jèn pitit ou ap viv nan kay yon paran ki travay avèk plon, yo ta dwe teste.

Pandan gwosès, yon manman kapab transmèt plon ba tibebe li. Menm nivo ba plon nan fanm ansent kapab lakòz **foskouch, tibebe ki fèt anvan lè ak domaj pèmanan sou tibebe ki nan vant manman yo.**

Yon tès san rapid ak senp se sèl fason pou asire si pitit ou anpwazonnen avèk plon. Mande doktè ou oswa depatman sante pou tete pitit ou pou plon.

## KONNEN DWA OU

Lalwa federal egzije patwon yo pou yo kontwòle plon k ap sikile nan lè nan espas travay la. Si nivo yo wo, patwon yo gen obligasyon pou fè tès san pou anplwaye yo.

Toujou fè doktè ou konnen si ou ekspozé nan plon, menmsi ou pa gen okenn sentòm.

## EFÈ SOU KÒ A

Diminasyon nan fonksyon sèvo a

Diminasyon nan fonksyon ren


Plis chans pou gen tansyon wo

Pwoblèm dijasyon

Diminasyon nan nimerasyon espèm

Reta nan devlopman pou tibebe ou anvan li fèt

Plis chans pou fè yon foskouch oswa pou tibebe ou fèt avèk yon ti gwosè



## JWENN PLIS ENFÒMASYON

Depatman Sante Florida (Florida Department of Health): <http://www.floridahealth.gov/environmental-health/lead-poisoning/index.html>

Administrasyon pou Sekirite ak Sante nan Travay (Occupational Safety and Health Administration): [www.osha.gov/](http://www.osha.gov/)

Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention): [www.cdc.gov](http://www.cdc.gov)

## Plon nan Espas Travay

Moun ekspozé nan plon lè yo rale pousyè plon oswa vapè plon, oswa lè yo vale plon nan men ki kontamine, nan manje, nan sigarèt oswa nan rad. Ou ka arisk si ou:

- Fonn, krazè oswa moulen plon, kuiv oswa bwonz
- Fè minisyon, tire zam oswa travay nan yon kote y ap tire zam
- Travay avèk moso metal oswa pyès elektwonik
- Grate, pase papye sable, retire oswa manipile pwodui ki gen penti abaz plon
- Demoli oswa renove ansyen bilding oswa ansyen pon
- Fè oswa repare batri, radyatè oswa otomobil
- Fè oswa travay avèk seramik, bijou oswa vitray

## Pwoteje Tèt ou ak Fanmi Ou

**BENYEN NAN DOUCH NAN FEN JOUNEN AN** anvan ou ale lakay ou.

**CHANJE RAD OU POU METE RAD PWÒP** ak soulye pwòp nan travay ou anvan ou ale lakay ou.

**LAVE EPI SECHE** rad travay ou apa avèk lòt rad yo.

**LAVE MEN OU AK FIGI OU** anvan ou manje, bwè oswa fimen.

**MANJE, BWÈ EPI FIMEN NAN ZÒN** ki pa gen pousyè ak vapè plon.

**SWIV YON REJIM ALIMANTÈ KI BYEN EKILIBRE.** Bon jan nitrisyon kapab ede redui nivo plon yo. Yon rejim alimantè ki gen anpil fè, kalsyòm ak Vitamin C ap ede ou redui absòpsyon plon an.

**METE BON JAN EKIPMAN PWOTEKSYON PÈSONÈL** tankou yon respiratè ki adapte ak gan lè w ap travay nan kote ki gen pousyè oswa vapè plon.

**KENBE KOTE OU PASE TAN OU, LAKAY OU AK VWATI OU PWÒP.**

Pou fè sa, itilize yon twal mouye pou netwaye tout sifas yo ak aspiratè ki gen yon filtè HEPA.

